



Pou Piblikasyon Imedya: 03/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EKSPANSYON DEVLOPMAN LOJMAN POU GRANMOUN AJE KI FINI AN KI GEN 70 INITE NAN KONTE WESTCHESTER**

***Pwojè rekonstriksyon 38 milyon dola a ajoute 40 inite pou Manhattan Avenue Senior Apartments ki gen 50 an nan Vil Greenburgh***

***Devlopman ki konsantre sou transpò ki toupre estasyon bis ak tren yo pral founi ekipman wo nivo pou granmoun aje ki gen 62 ane ak plis, ki gen ladan espas kominotè ak pakin nan sousòl***

***Baze sou estrateji alontèm Gouvènè a pou ogmante rezèv lojman nan New York – ki gen ladan lojman pou popilasyon vilnerab***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman Manhattan Avenue Senior Apartments ki gen 70 inite nan vil Greenburgh, Konte Westchester. Nouvo devlopman an te ranplase yon etablisman lojman piblik federal pou granmoun aje ki te deteryore ki gen 30 inite yo te bati an 1972 epi li te elaji konplèks la avèk yon lòt 40 apatman.

"Transfòmasyon Manhattan Avenue Senior Apartments pral ede granmoun aje yo jwenn aksè nan kay ki an sekirite, pwoteje ak abòdab nan Konte Westchester epi pèmèt rezidan yo rete nan kominote yo, toupre zanmi ak fanmi yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou sipòte reyamenajman devlopman sa a, administrasyon mwen an ap double angajman li pou l sèvi ak tout estrateji nou kapab pou debloke potansyèl lojman New York la epi bay tout Nouyòkè yo – enkli granmoun aje nou yo – kay yo merite."

Nan senk ane ki pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te kreye oswa prezève 1,500 lojman nan pri abòdab nan Konte Westchester. Manhattan Avenue Senior Apartments kontinye efò sa a epi konplete Plan Lojman konplè 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki pral konstwi oswa prezève 100,000 kay nan pri abòdab atravè New York, ki enkli 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Manhattan Avenue Senior Apartments se yon grenn bilding twa etaj ki gen 70 apatman pou granmoun ki gen 62 an ak plis. Nouvo bilding lan te ranplase sis bilding delabre Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Department of Housing and Urban Development, HUD) te konstwi nan kòmansman kòm lojman pou granmoun aje an 1972

epi Otorite Lojman Greenburgh te jere. Yo te deplase lokatè ki te la yo pandan konstriksyon an e kounye a, yo retounen viv nan nouvo konplèks la.

Ekipman bilding pataje yo gen ladan yon sal lesiv premye etaj, yon sal enfòmatrik, yon sal kominotè, yon gwo sal ak yon kwizin komèsyal. Gen 43 espas pakin nan sousòl ki rezève pou lokatè yo.

Devlopman an te konsevwa pou satisfè nòm Konpayi Kominote Vèt (Enterprise Green Communities) 2015 yo. Devlopman an gen ladan karakteristik efikasite enèji tankou aparèy Energy Star ak aparèy ki konsève dlo ki koule fèb.

Ekip devlopman an se Georgica Green Ventures, LLC an patenarya ak Otorite Lojman Greenburgh.

Manhattan Avenue Senior Apartments sitiye tou pre yon liy otobis lokal ak yon estasyon tren Metro North. Nan yon distans moun ka mache, gen boutik aksesib yo, yon gwo sant komèsyal, swen sante, ak yon pak minisipal. Anplis de sa, Manhattan Avenue Senior Apartments toupre sant kominotè Theodore H. Young ki ofri aktivite edikatif, kiltirèl ak lwazi tankou naje, pwomnad pou fè makèt, klèb sosyal, evènman ak yon gadmanje.

Finansman Eta a pou devlopman k ap koute 37.7 milyon dola a genyen ladan 15.3 milyon dola nan obligasyon egzansyon federal, 14.3 milyon dola nan Kredi Enpo Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb ak 14.7 milyon dola nan sibvansyon Biwo HCR la bay.

**Komisè HCR RuthAnne Visnauskas te deklare,** "Nouvo Manhattan Avenue Senior Apartments 38 milyon dola, ki gen 70 kay la montre devouman kominote a te pataje nan kenbe sit sa a dedye a lavi abòdab pou granmoun aje New York yo. Otorite Lojman Greenburgh ak Georgica Green Ventures plis pase double kapasite devlopman sa a pandan y ap prezève anplè zòn nan ak espas ouvè, sa ki pwouve ke bon konsepsyon ak yon angajman pou ede rezoud kriz lojman nou an travay byen ansanm."

**Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare,** "Antanke Lidè Majorite Sena Eta a, mwen te travay pou bay finansman ki ka ouvri wout pou patenarya ant otorite lojman yo ak devlopè yo, pou bati inite sa yo ak mete yo sou mache a lojman pou granmoun aje ak pou travayè yo. Mwen fyè dèske eta a bay plis pase 34 milyon dola pou finansman pouwojè sa a atravè obligasyon, sibvansyon ak ekite kredi fiskal. Lejislati Eta a, Gouvènè Hochul, ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la angaje nan objektif komen nou pou devlope lojman abòdab Nouyòkè atravè eta nou an merite epi mande yo. Mwen kontan wè efò nou yo te mennen nan rezilta nan Greenburgh isit la nan 35yèm Distri Sena a, nan yon kote nan Manhattan Ave ki gen aksè fasil nan transpò piblik, swen sante ak lwazi kominotè. Mwen felisite Otorite Lojman Greenburgh ak Georgica Green Ventures paske yo pèmèt patenarya sa a pote rezilta atravè inogirasyon sa a."

**Manm Asanble MaryJane Shimsky, te deklare,** "Mwen kontan dèske Greenburgh gen kounye a 70 inite lojman abòdab pou granmoun aje ki rekonstwi epi ki efikas nan enèji nan Manhattan Avenue Senior Apartments. Apre sa, mwen akeyi rezidan yo ki te deplase pandan konstriksyon an epi ki te kounye a tounen nan kay yo renmen yo. Lojman sa a fè li posib pou plis granmoun aje nou yo viv nan konfò ak sekirite, epi konekte ak kominote yo te ede bati a."

**Kad Egzekitif Konte Westchester, George Latimer, te deklare,** "Nou kontan dèske n ap inogire Manhattan Avenue Senior Apartments nan Greenburgh, ki finalman ede reponn ak yon bezwen pou kèk nan rezidan ki pi vilnerab nou yo, granmoun aje nou yo. Lè nou bay gwo finansman pou konstriksyon kay sa yo, n ap ede amelyore kalite lavi pou anpil moun nan Konte Westchester. Anpil nan granmoun aje nou yo ap viv sou yon revni fiks, epi li enpòtan pou yo gen opsyon pou yo abite nan lojman ki an sekirite ak abòdab. Manhattan Avenue Senior Apartments ede nou reyalize objektif sa a."

**Sipèvizè Vil Greenburgh la, Paul Feiner, te deklare,** "Sa a se yon gwo nouvo adisyon nan vil Greenburgh. Li pral bay granmoun aje yo yon nouvo lojman abòdab dènye kri ki konfòtab, pwòp ak bèl pou yo jwi. Otorite Lojman Greenburgh te travay anpil tan ak di pou rann sa posib. Sèl regrè mwen - pwosesis apwobasyon an te pran anpil tan men rete tann lan te vo lapèn."

**Raju Abraham, Direktè Egzekitif Otorite Lojman Greenburgh, te deklare** "Manhattan Avenue Senior Apartments se yon etap enpòtan nan misyon Otorite Lojman Greenburgh pou bay pi bon opòtinite lojman pou kominote vil Greenburgh la".

**Prezidan Georgica Green Ventures LLC, David Gallo, te deklare,** "Nou tèlman fyè dèske Otorite Lojman Greenburgh te chwazi nou pou bay granmoun aje nan kominote a yon bèl bilding ki an sekirite, dirab, modèn ki fèt selon bezwen yo, epi ajoute 40 inite adisyonèl lojman abòdab pou granmoun aje yo. Mèsi a NYSHCR, Konte Westchester, ak Vil Greenburgh pou patenarya ak konfyans yo pandan tout pwosesis la."

**Direktè Egzekitif Chase Community Development Banking, Jane E. Silverman, te deklare,** "Nou fyè pou nou sipòte Georgica Green Ventures ak Otorite Lojman Greenburgh avèk devlopman sa a ki prezève ak kreye lojman ki nesèsè anpil, toupre transpò piblik ak sèvis esansyèl yo. Rebati kominote nou yo atravè pwojè tankou sa a mande angajman ak kolaborasyon nan men patnè piblik ak prive yo; pwojè a pral finalman transfòme lavi anpil granmoun aje nan Konte Westchester."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)